



Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD)

Bahasa Jawa

Upacara Adat

NAMA :

NO.ABSEN :

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener !

Gatekno gambar ing ngisor iki !



Sumber : <https://images.app.goo.gl/v7Y7ggPC98WTK>

1. Gambar ing dhuwur nuduhake umbarampe acara opo ?
 - a. Tedhak siten
 - b. Larung sesaji
 - c. Tingkeban
 - d. Manten
 - e. Lamaran

2. Saben wulan apa dianakake kegiatan ing dhuwur kuwi ?
 - a. Wulan Suro (1 Muharram)
 - b. Wulan Agustus
 - c. Wulan Rajab
 - d. Saben wulan
 - e. Wulan poso



3. Kang diarani upacara tedhak siten, yaiku


- a. Cedhak lemah
- b. Sepasaran
- c. Mudhun lemah
- d. Upacara slametan
- e. Mitonan

4. Piranti kanggo upacara adat tedhak siten yaiku

- a. Kurungan
- b. Andha pring “Arjuna”
- c. Pengaron sing diisi kembang setaman
- d. Udhik-udhik utawa dhuwit logam dicampur kembang
- e. Klasa sing isih anyar, kanggo lemek ing njeroning kurungan

5. Apa tujuane dianakake tedhak siten kuwi ?

- a. Atur puji marang Gusti Allah, dene wis menehi kekuwatan sarta kaslametan nganti bisa ngidak bumi an bisa urip mandiri
- b. Bocah sing ngliwati tantangan ing uripe
- c. Bocah iku nyeker-nyeker pasir, kang nduweni teges nggolek pangan
- d. Supaya si bocah nduweni dalan urip kang apik lan bisa gawe seneng kaluwargane
- e. Bocah kuwi mlebu donya lan ing njero uripe bisa kacukupan awit saka pakaryane kang wis dipilih wiwit cilik

- 
6. Upacara sing minangka pralambang ngresikake jiwa calon penganten. Upacara adat sing trep kanggo perangan iki yaiku
- Siraman
 - Tedhak siten
 - Paningset
 - Midodareni
 - Srah-serahan
7. Ana ing upacara dodol dawet, kang nduweni teges pengarep-arep tamu kang teka ing resepsi kanggo dongakake penganten akeh banget, yaiku ...
- Kreweng
 - Bapak kang nampani dhuwit
 - Ibu kang dodol dawet
 - Mitonan
 - Tingkeban
8. Kang dikarepake cengkir gadhing digambari tokoh pewayangan
- Supaya bisa niru lan pinter gambar wayang
 - Supaya si bocah bisa meranake tokoh satriya lan bisa meranake putri kang becik kaya ing gambar
 - Supaya si bocah bisa ndalang wayang
 - Supaya si bocah mbesuk seneng wayang
 - Supaya si bocah yen lair lanang nduweni watak satriya yen wanita nduweni sifat becik kaya ing gambar

9. Upacara slametan kanggo wong mbobot ditindakake ing wulan ka-
piro ?

- a. Wulan ka-7
- b. Wulan Mei
- c. Wulan Agustus
- d. Saben wulan
- e. Wulan pertama

10. Apa ciri khas upacara siraman gambar iki ?

- a. Calon ibu kang mbobot disiram kembang
- b. Ibu kang dodol dawet
- c. Udhik-udhik utawa dhuwit logam dicampur kembang
- d. Ana Kurungane
- e. Bapak kang nampani dhuwit



Pasangno karo gambar ing ngisor iki !



Sumber : <https://images.app.goo.gl/ztnaaSsWTSHGUFEB8>

Tingkeban



Sumber : <https://images.app.goo.gl/4p82hfo2F>

Tedhak Siten



Sumber : <https://images.app.goo.gl/t47XeQfpfB3zVa>

Siraman

